



**DAT:** 26 avril 2020

**POU:** Founisè Swen Sante yo, Etablisman Swen Sante yo, ak Depatman Sante Lokal yo

**SOTI NAN MEN:** Depatman Sante Eta New York

**Entwiksyon Pwovizwa Ke Yo Mete Ajou: Pwotokòl pou Tès COVID-19 ki Aplikab pou Tout Founisè Swen Sante ak Depatman Sante Lokal yo**

**Enfòmasyon Jeneral:**

Pandan nou nan pandemi COVID-19 ki ap kontinye a, Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) ap kontinye siveye sityasyon an epi travay pou elaji tès dyagnostik ak sewolojik COVID-19 pou moun New York yo.

**Objektif:**

Estanda ki apwopriye epi ki efikas pou fè tès yo se yon eleman esansyèl nan yon estrateji ki gen plizyè nivo pou anpeche pwopagasyon kontinyèl COVID-19 la nan Eta New York epi pou asire ke yo distribye resous yo yon fason ki efikas epi ki ekitab. Eta New York ap kontinye ogmante kapasite pou fè tès yo pou COVID-19 chak jou. Sepandan, jiskaske nou rive nan nivo kote nou nan tout kapasite nou, konsèy sa a nesèsè pou asire ke Eta New York priyoreze resous yo pou satisfè bezwen sante piblik ki pi ijan an.

**Yon founisè swen sante ta dwe otorize tès dyagnostik ak/oswa sewolojik pou COVID-19 yo lè:**

- Yon moun ki prezante sentom yo oswa ki gen yon istorik sentom COVID-19 yo (sa vle di, lafyèv, tous, ak/oswa pwoblèm respiratwa), patikilyèman si moun nan gen laj 70 an oswa pi plis, moun nan gen yon sistèm iminitè ki afebli, oswa moun nan gen yon kondisyon sante ki afebli; oswa
- Yon moun te gen kontak tou pre (sa vle di, a yon distans sis pye) oswa bò kote yon moun ke yo konnen ki pozitif pou COVID-19; oswa
- Yon moun sijè a yon karantèn prevantif oswa karantèn obligatwa; oswa
- Yon moun anplwaye kòm yon pwofesyonèl swen sante, premye sekouris, oswa lòt travayè esansyèl yo ki dirèkteman ap fè entèraksyon ak popilasyon an pandan y'ap travay; oswa
- Yon moun gen yon ka kote reyalite yo ak sikonstans yo – jan doktè klinik k'ap bay tretman an te detèmine an konsiltasyon ak otorite depatman sante eta a ak lokal yo – jistifye tès yo.

Baze sou faktè klinik endividyèl yo, founisè swen sante yo ta dwe itilize jijman klinik pou detèmine tès COVID-19 ki apwopriye yo (sa vle di, tès dyagnostik oswa sewolojik) ke yo ta dwe jwenn yo.

**Priyorezasyon Tès yo:**

Nan dat 17 avril 2020, yo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.19 \(Executive Order 202.19\)](#) ki mande etabli yon sèl pwosesis kowòdone pou priyoreze tès yo atravè eta a ki ta dwe mande tout

laboratwa ki nan Eta a, alafwa sa piblik ak sa prive yo, ki ap fè tès dyagnostik pou COVID-19 yo, konplete tès dyagnostik pou COVID-19 sa yo sèlman an akò ak pwosesis sa a.

**Pou ka sipòte priyorizasyon tès ki kowòdone atravè eta a, founisè swen sante yo ta dwe pran an konsiderasyon priyorizasyon nou pral site la yo lè yo ap kòmande yon tès COVID-19:**

1. Moun ki prezante sentom yo, patikilyèman si moun nan fè pati yon popilasyon ki an gwo danje, ki enkli moun ki ospitalize yo; moun ki ap viv nan mezon retrèt yo, etablisman swen alontèm yo, oswa lòt etablisman swen kominotè yo; moun ki gen yon sistèm iminitè ki afebli yo; moun ki gen yon kondisyon sante ki afebli yo; ak moun ki gen laj 70 an oswa ki pi aje yo.
2. Moun ki gen kontak tou pre (sa vle di, a yon distans sis pye) oswa bò kote yon moun ke yo konnen ki pozitif pou COVID-19.
3. Moun ke yo te anplwaye kòm pwofesyonèl swen sante yo, premye sekouris yo, oswa ki nan nenpòt pozisyon nan yon mezon retrèt, etablisman swen alontèm, oswa lòt etablisman swen kominotè yo, ki enkli men ki pa sèlman:
  - Ajan Koreksyonèl/Libète Kondisyonèl/Pwobasyon yo
  - Founisè Swen Dirèk yo
  - Ponpye yo
  - Doktè, Pwofesyonèl, Asistan, ak Pèsonèl Sipò Swen Sante yo (pa egzanp, Medsen, Enfimyè, Pèsonèl Sante Piblik yo)
  - Espesyalis Medikal yo
  - Nitrisyonis ak Dyetetisyen yo
  - Terapet Pwofesyonèl/Fizik/Rekreyatif/Òtofonis yo
  - Paramedik/Teknisyen Medikal Ijans yo (EMTs)
  - Ajan Lapolis yo
  - Sikològ/Sikyat yo
  - Direktè Pwogram Swen Rezidansyèl yo
4. Moun ke yo te anplwaye kòm anplwaye esansyèl yo ki dirèkteman ap fè entèraksyon ak popilasyon an pandan y'ap travay, ki enkli men ki pa sèlman:
  - Travayè Swen Zannimo yo (pa egzanp, Veterinè yo)
  - Travayè Sèvis ak Reparasyon Otomobil yo
  - Kesye ak Travayè Bank yo
  - Ajan Ranfòsman Kòd Batiman yo
  - Travayè Gadri yo
  - Direktè ak Kowòdonatè Dosye Kliyan yo
  - Konseye yo (pa egzanp, Sante Mantal, Adiksyon, Jèn, Pwofesyonèl, Kriz, elatriye)
  - Travayè Livrezon yo
  - Dantis ak Ijyenis Dantè yo
  - Travayè Konstwiksyon Esansyèl yo ki nan Rezidans oswa Batiman Moun Okipe yo
  - Dirijan Espirityèl yo (pa egzanp, Chaplen, Manm Klèje yo)

- Anketè sou Tèren/Regilatè pou Sante ak Sekirite yo
- Travayè Sèvis Alimantè yo
- Travayè nan Antrepriz Finerè yo
- Travayè nan Otèl/Motèl yo
- Founisè Sèvis pou Moun yo
- Travayè nan Espas Lesiv ak Dray yo
- Travayè Lapòs ak Livrezon yo
- Travayè Mentnans ak Konsyèj/Netwayaj yo
- Optometris, Optisyen, ak Pèsonèl Sipò yo
- Travayè Komès nan Biznis Esansyèl yo (pa egzanzp, Magazen Alimantè, Famasi, Magazen Depanè, Ponp Gaz, Magazen Materyèl yo)
- Gad ak Pèsonèl Sekirite yo
- Travayè nan Abri ak Pèsonèl Sipò Sanzabri yo
- Travayè Sosyal yo
- Pwofesè/Anseyan/Edikatè yo
- Travayè Transpò yo (pa egzanzp, Ayewopò, Wout Ray, Bis, ak Veyikil A Lwe yo)
- Travayè k'ap ranmase Fatra/Fè Resiklaj yo
- Travayè Sèvis Piblik yo

#### **Aksè a Tès Dyagnostik yo:**

Moun ki tonbe nan kategori priyozasyon tès sa yo epi ki aktyèlman pa gen aksè a tès yo ka rele Liy Asistans pou COVID-19 nan Eta New York nan nimewo 1-888-364-3065 oswa vizite Sit Entènèt NYSDOH la <https://covid19screening.health.ny.gov/> pou ka verifye si yo kalifye, epi si yo kalifye, pran randevou nan youn nan Espas ki fè Tès nan Eta a.

#### **Prekosyon:**

Nenpòt piblikasyon enfòmasyon dwe adere estrikteman a Lwa sou Pòtabilite ak Responsabilite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) ak nenpòt lwa federal ak leta ki aplikab yo ki gouvènè enfòmasyon sante pèsonèl yo. Founisè ki gen kesyon yo ka kontakte Biwo Kontwòl Maladi Transmisib (Bureau of Communicable Disease Control) NYSDOH la nan 518-473-4439 pandan orè fonksyonman yo oswa 1-866-881-2809 nan aswè, wikenn, ak jou ferye yo.

#### **Resous Adisyonèl yo:**

- [Sit Entènèt COVID-19 NYSDOH](#)
- [Direktwa Depatman Sante Lokal Eta New York](#)
- [Sit Entènèt COVID-19 Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo \(Centers for Disease Control and Prevention, CDC\)](#)
- [Sit Entènèt COVID-19 Òganizasyon Sante Mondyal la \(World Health Organization, WHO\)](#)